



Pou Piblikasyon Imedya: 21/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL ANONSE OMAJ ETA NEW YORK POU ERITAJ  
DOKTÈ MARTIN LUTHER KING JR. PRAL DIFIZEE NAN ESTASYON PBS NEW  
YORK YO**

***Prezante pa chantè/konpozitè ki genyen prim Grammy ak Emmy, Christopher Jackson nan Hamilton***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke komemorasyon anyèl Eta New York la sou lavi ak eritaj Doktè Martin Luther King Jr. pral prezante kòm yon evènman k ap difize nan tout eta a, "New York State Celebrates Dr. Martin Luther King, Jr.: Opportunity and Promise", k ap difize nan estasyon PBS yo nan New York apati wikenn MLK a epi k ap transmèt nan [empirestateplaza.ny.gov/nyking](http://empirestateplaza.ny.gov/nyking).

Omaj inèdtan pou Doktè King lan prezante moun ak òganizasyon yo nan tout Eta New York ki entegre prensip youn nan lidè ki pi enpòtan nan Etazini pou jistis sosyal, libète ak egalite. Orè pwogram lan varye selon rejyon an epi telespektatè yo ankouraje verifye pwogram televizyon lokal yo.

"Doktè Martin Luther King Jr. te devwe lavi li pou goumen pou egalite epi eritaj sa a kontinye sèvi kòm yon fòs pou yon bann Ameriken k ap chèche yon sosyete ki pi ekitab, pi jis", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ane sa, New York pral onore eritaj Doktè King atravè mizik ak atizay. Mwen envite nou tout pou nou branche ak dekouvri espektak inik sa a ki non sèlman anseye nou sou pase nou men tou pral enspire pwochen jenerasyon lidè nou yo pou konstwi yon monn meyè".

**Komisè Pwovizwa Biwo Sèvis Jeneral Eta New York la, Jeanette Moy, te deklare,** "Chak ane, Eta New York pran poz pou onore ak selebre lavi ak eritaj Doktè King atravè mizik ak istwa gwoup ak moun talantye ki anbrase ansèyman li yo sou inite ak egalite. Biwo Sèvis Jeneral la fyè pou li pwodui yon lòt pwogram enspiran vizyèlman ki mete aksan sou kisa sa vle di pou sosyete nou an lè gen yon opòtinite ak pwomès pou tout moun. Mwen rejwenn Gouvènè Hochul nan rekòmande Nouyòkè yo pou gade pwogram sa a ak devwe tèt yo ankò pou kenbe rèv Doktè King lan vivan".

**Direktè Egzekitif Jeneral WMHT a, Robert Altman, te deklare,** "Nou kontan pou nou pataje yon lòt fwa selebrasyon sa a avèk Nouyòkè yo nan eta a atravè estasyon televizyon piblik yo. Pwogram sa a bay nou tout yon opòtinite enpòtan pou nou reflechi sou angajman sa mande pou nou atenn rèv ke Doktè King te devwe lavi li pou li".

Prezante pa Christopher Jackson, pwogram ane sa a pral mennen telespektatè yo nan yon vizit vityèl atravè Eta New York.

Christopher Jackson ki se yon chantè/konpozitè ki genyen Grammy ak Emmy Award ansanm ak yon aktè ki nonmen nan Tony Award ke yo plis konnen pou wòl George Washington li te jwe nan komedi mizikal ki genyen prim Broadway "Hamilton" ki te resevwa bon kòmantè. Nou kapab aktyèlman wè li ki jwe nan dram siksè CBS "Bull" epi te resamman fini jwe nan yon seri limite "Freestyle Love Supreme" nan Broadway. Li te jwe tou nan mini seri Netflix Ava DuVernay "When They See Us" (Lè Yo Wè Nou).

Atravè je Nouyòkè yo soti Syracuse rive Poughkeepsie, soti Schenectady rive Long Island, pwogram lan konsantre sou lavi ak rèv Doktè Martin Luther King, Jr. avèk mizik, atizay ak istwa enspiran ki reflète opòtinite ak pwomès konpatryòt Nouyòkè nou yo. Kèk nan pi gwo pwen espektak la gen ladan:

- Yon mesaj espesyal Gouvènè Eta New York la Kathy Hochul pou Jounen Martin Luther King, Jr.
- Yon atik sou selebrasyon Pinkster, yon selebrasyon relijye neyèlandè ke esklav ak Afwo-Ameriken lib yo te transfòme nan yon selebrasyon kilti Afriken nan Eta New York pandan epòk kolonyal la.
- Pèfòmans enspiran yo nan tout eta a, sa gen ladan yon dans koreografi orijinal pa Ja'Malik ak elèv nan Konsèvatwa Dans nan Purchase College, mizik pa Okès Doktè Martin Luther King Junior ak Okès Timoun 2022 depi nan Rejyon Kapital la, ak Fanfa Inivèsite Albany an.
- Yon istwa sou SNUG, yon inisyativ sou rediksyon vyolans ak zam nan Long Island ki angaje moun ki gen gwo risk nan lari yo.
- Yon pwofil chèf ak pwopriyetè restoran akonpli, Brandon Walker, ke savè global ak ras familyal yo enspire nan sèn gastwonomik Hudson Valley.
- Yon rega sou klèb bòks senp anndan vil la nan Schenectady ki nouri lavi jèn yo nan kominote yo a, ni anndan tankou deyò ring lan.

Tout moun envite pou branche pou aprann plis sou Nouyòkè k ap viv lavi yo selon imaj Doktè King.

Anplis pèfòmans yo, moun yo envite gade ekspozisyon Atizay ak Disètasyon Elèv Doktè Martin Luther King Jr. Eta New York, ki prezante soumasyon elèv Kindègadenn rive 12yèm yo atravè eta a epi ki enspire nan Sis Prensip Non-vyolans Doktè King lan. Galri vityèl la pral disponib pou gade nan [empirestateplaza.ny.gov/nyking](https://empirestateplaza.ny.gov/nyking) apati 17 janvye rive 28 fevriye.

Epitou, Eta New York òganize plizyè pwogram ki gen rapò ak sèvis chak ane pou akonpli vizyon kominote Doktè King lan. Sa yo gen ladan Kanpay Manje Doktè Martin Luther King, Jr. nan tout Eta a ki te fèt 12 desanm 2021 rive 11 fevriye 2022 ak Kanpay Liv Doktè Martin Luther King Jr. nan tout Eta a ki te fèt 21 fevriye rive 22 avril 2022.

*Anplis opsyon yo pou gade sou estasyon PBS nan tout eta a, "Eta New York selebre Doktè Martin Luther King, Jr.: Opòtinite ak Pwomès" pral disponib pou gade apati 10 a.m. nan 17 janvyè nan [empirestateplaza.ny.gov/nyking](https://www.empirestateplaza.ny.gov/nyking).*

*Pou mizajou sou pwogram estasyon manm PBS NY ak enfòmasyon siplemantè, ale sou [empirestateplaza.ny.gov/nyking](https://www.empirestateplaza.ny.gov/nyking), epi swiv @NYSMLK sou Facebook ak Twitter.*

*###*

Lèt nouwèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418